



John E. Dwyer Technology Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

Out 2022

A Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Ane lekòl sa make kòmansman yon selebrasyon ki chaje avèk anpil siksè- youn ki pral rekreye tradisyon akademik ki defini ak kiltive kominote lekòl nou an nan tan lontan e youn ki pral poze fondasyon pou etabli yon kòmansman ki tounèf e san parèy pou rès tan ki ap vini yo.

Nou menm, tout anplwaye yo nan *John E. Dwyer Technology Academy*, santin fyè epi kontan anpil pou pataje selebrasyon sa avèk ou pandan nou ap akeyi tout elèv nou yo ak manm fanmi nou yo pou ane lekòl 2022-2023 a *ki ap kòmanse Vandredi, 9 Septanm!* Pwomès nou se bay yon anviwonman aprantisaj ki tounèf e pèsonalize pou asire ke chak timoun reyalize ekselans. Nan yon anviwonman ki an sekirite, solid, ak akeyan, nou kwè ke chak elèv kapab e pral aprann nan nivo pi bon pou yo rive jwenn pi gwo nivo edikasyon ki posib.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an ak lyen pou *Retounen Lekòl La* nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou retounen lekòl. Anpil nan sijè enpòtan sa yo adrese an detay sou sit entènèt distri a, yo anba la pou w ka revize kounyè a:

PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI LÈ W RIVE AK AK LÈ LEKÒL LAGE

Ane lekòl 2022–2023 a ap kòmanse Vandredi, 9 Septanm 2022. Enstriksyon ap fèt nan lè 7:45 a.m. jiska 2:29 p.m. Pou kapab ede fasilite toulède yon tranzisyon ki an lòd e san pwoblèm pandan lè yo rive ak lè lekòl lage, tanpri konfòme w ak pwosedi sekirite sa yo:

- Yon fwa elèv yo rive lekòl, yo p ap ka kite lokal la. Enstriksyon nan sal klas yo ap kòmanse imedyatman a **7:45 a.m.** Tanpri planifye pou depoze pitit ou a **7:15 a.m.** pou pèmèt ase tan pou elèv la ale nan kazye li epi rapòte nan klas li nan yon tan rezonab.
- Li trè enpòtan ke tout elèv rive lekòl la anvan kòmansman premye peryòd pou pran avantaj maksimòm eksperyans aprantisaj yo. Elèv ki rive nan lekòl anreta toujou deranje pwosesis edikasyon an. Tanpri refere a Manyèl Elèv yo konsènan tout règleman pou anreta, prezans ak pwosedi yo.



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

- Nou ta renmen raple tout moun ke limit vitès pou kondui, nan paramèt deziyen nan lekòl nou an, **pa ta dwe depase 25 MPH alè**. Gen tandans pou jwenn bonjan trafik devan lekòl la; tanpri fè plan pou byen depoze pitit ou a epi **kondui avèk prekosyon**.

Vandredi, 9 Septanm 2022, elèv yo pral jwen pèmision pou antre nan lekòl la a 7:15 a.m. si yo vle manje manje maten. Elèv yo pral dirèkteman nan kafeterya lekòl la.

- Lè yo rive, elèv yo ap antre nan detektè metal la. Nou ap mande pou tout elèv kolabore avèk anplwaye sekirite nou yo.
- Boutèy ji san bonchon ak bivraj cho yo pa otorize nan lekòl la.
- Kas ekoutè ak aparèy elektwonik yo pa dwe vizib. Lè elèv yo antre nan lekòl la atik sa yo dwe mete yon kote apa.
- Tout elèv ap swiv **orè homeroom yo 9 & 12 Sèptanm 2022**. **Tanpri sonje, sou fas anvlòp ou te resevwa, gen yon etikèt sou enfòmasyon homeroom elèv la sou li. Elèv la dwe pote anvlòp la premye jou lekòl la epi ale dirèkteman nan homeroom li; Se la li pral resevwa yon kopi orè ki nan PowerSchool la.**

Tanpri, konnen sekirite se youn nan bagay ki enpòtan anpil pou nou. Lè w antre nan lekòl la, tout vizitè dwe rapòte nan biwo sekirite a, siyen kaye a, **montre foto idantifikasyon valid**, resevwa yon pas vizitè (si w jwenn pèmision, vizitè a dwe mete yon mask), epi ale nan Direksyon an kote yon sekretè pral ede yo. Se sèlman moun ki nan lis nan PowerSchool la ki kapab vin pran timoun nan lekòl la. Pa gen okenn paran /gadyen oswa vizitè san otorizasyon ki ka antre andedan sal klas yo.



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

KALANDRIYE LEKÒL EPS

Nou mande pou w gide epi sipòte aprantisaj pitit ou a lè w asire li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pou jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2022–2023 a, tanpri vizite lyen sa:
[SchoolCalendarfor2022-2023SchoolYear.pdf \(epsnj.org\)](#).

ENSTRIKSYON POU POWERSCHOOL PARAN PORTAL

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik ke Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe done ak dosye ki enpòtan sou elèv yo. Aplikasyon an bay paran yo aksè an tan reyèl avèk enfòmasyon ki gen rapò ak orè yon elèv, prezans, nòt, ak pwogrè akademik; li ofri tou yon fason pratik ak akomode pou tou de paran ak pwofesè yo kominike jan sa nesèsè. Epi, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2022-2023 ki ap vini an ap disponib pou wè sou PowerSchool **Lendi, 22 Out**.

NOUVO PARAN AK PARAN KI AP RETOUNEN NAN EPS

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](#).

Si w rankontre difikilte teknik pandan w ap chache aksè a enfòmasyon PowherSchool pitit ou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](#).

La, tanpri klike sou imaj "**PowerSchool Parent Portal Help**". Tanpri desann epi klike sou lekòl pitit ou a ap prale kounyè a. Lè sa, yo pral mande w ranpli yon fòm kontak sou entènèt la. Apre w fin klike sou bouton **Kopye** ak **Fini** ki anba, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte w pi vit ke posib.



John E. Dwyer Technology Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

ENSTRIKSYON POWERSCHOOL POU ELÈV

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige Portal elèv PowerSchool la, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan www.epsnj.org/PowerSchoolInstructions

RÈGELMAN POU INIFÒM

Objektif kòd abiman EPS la se pou bay yon imaj pozitif de pwòp tèt yo epi pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt edikasyon se objektif prensipal pou kòd abiman an ak objektif pou ankouraje yon anviwonman ki favorab pou disiplin menm jan tou ak edikasyon. Yo sipoze mete inifòm lekòl la chak jou.

Yo bay inifòm ak egzijans abiman pou lekòl pitit ou a sou sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan pano "*Règ Inifòm Yo*" epi swiv enstriksyon yo bay yo.

Paran yo, nou ap mande tou de koperasyon w ak sipò w pou pitit ou a obzève règleman inifòm yo. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl yo p ap gen dwa antre nan lekòl la ***Vandredi, 9 Septanm*** oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo prensipal la si w ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm yo.

Inifòm lekòl la dwe enkli bagay sa yo:

- John E. Dwyer Polo Vèr oswa John E. Dwyer mayo Oxford Vèr
- Pantalon Nwa, jip, bout pantalon sèlman (**pa** mete jeans, pantalon chire, kago, kolan, oswa pantalon Adidas)
- **Soulye nwa nèt** (pa mete sapat flip flop, slides, oswa soulye zòtèy ou parèt)
- Chanday tou Nwa oswa Chanday Nwa ak Senbòl Dwyer a

Inifòm Edikasyon Fizik dwe enkli bagay sa yo:

123 Pearl Street, Elizabeth, NJ 07202 • Phone: 908-436-6565 • Fax: 908-436-6566
Email: Jimenesu@epsnj.org • Keladaha@epsnj.org • Panichmi@epsnj.org
Annex: 853 3rd Avenue, Elizabeth, NJ 07202 • Phone: 908-436-5900 • Fax: 908-436-5886
Email : Jiluswi@epsnj.org



John E. Dwyer Technology Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

- John E. Dwyer mayo manch kout or John E. Dwyer Sweatshirt pou fè egzèsis
- John E. Dwyer bout pantalon oubyen John E. Dwyer pantalon long pou fè egzèsis
- Note: Klas 9-12 sipoze pote inifòm edikasyon fizik yo pou ka chanje pou kou edikasyon fizik yo

Ou paka mete atik sa yo sou ou pandan jounen lekòl la:

- Mayo ak tèt
- Jakèt
- Akseswa cheve tankou Bandanas, bandwòl, ak foula. Ou gen dwa mete **atik relijye sou tèt ou**

Tout elèv sipoze mete inifòm konplè premye jou lekòl la ki ap Vandredi, 9 Septanm 2022

APARÈY ELEKTWONIK

Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezilta, tout elèv yo ap kontinye sèvi ak yon odinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou yo pran swen pòtab yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal: Aplikasyon Teknoloji ap kontinye asire ke elèv nou yo pou reyalize yon nòm kompetitif ki nesèsè pou ankouraje tou de kolèj ak preparasyon pou karyè yo. *Tout elèv oblije pote laptop yo chaje ak chajè yo nan lekòl la chak jou.*

NOUVO ELÈV

Tout nouvo elèv nan distri a pral resevwa laptop yo pandan premye semèn lekòl la.

Elèv 9yèm Ane yo

Elèv 9yèm Ane yo ap resevwa laptop yo nan Oryantasyon Klas 9yèm la ki programe pou fèt nan de okazyon-**16 Out 2022, 9:00am (Dwyer Main 123 Pearl Street) & 6 Septanm 2022, 1:00pm 2022 (Dwyer Annex 277 Centre Street)**



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

Rete Konekte

Resevwa Rapèl/ Tout Dènye enfòmasyon Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou a ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

ENSTRIKSYON POU NOUVO AK PARAN KI LA DEJA YO

Li enpòtan anpil ke nou gen adrès kay ou ki pi resan ak/oswa nimewo telefòn pou nou ka kontakte ou nan ka ijans oswa diskite sou pwogrè pitit ou a. Tanpri ajoute Enfòmasyon Kontak resan lè ou ale nan Portal Paran Powerschool ou a epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou ka jwenn anba lyen ki genyen tout fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan ka adrès kay ou ak / oswa nimewo telefòn ou. Nou espere gen komunikasyon ouvè ant kote ou rete a ak lekòl la epi se youn nan kle yo ki pi enpòtan nan siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl yo kontakte paran yo pa email, tèks, ak nan mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn nan. Atravè sistèm sa, paran yo imedyatman okouran de enfòmasyon ijans, gwo evènman, ak / oswa dat aktivite kap vini yo. Pou asire ke sistèm sa ap kontinye opere nan fason trè efikas, li enpòtan anpil ke nou gen **enfòmasyon ki pi resan e korèk nan dosye chak elèv.**

Pou jwenn enfòmasyon sou kòman pou kenbe enfòmasyon kontak ou yo resan, tanpri ale sou sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri refere a pano "**Rete Konekte**" epi swiv enstriksyon yo bay pou konnen kijan pou mete enfòmasyon resan ou sou PowerSchool.

ENFÒMASYON DISTRI/LEKÒL

Tanpri asire w ke tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a yo revize epi ranpli anvan premye jou lekòl la e ke tout enfòmasyon pèsònèl yo mete ajou regilyèman.

- Enfòmasyon Fòm nan ka Ijans
- Avi konsènan Fòm Egzamen Medikal



John E. Dwyer Technology Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

- Fòm Pèmisyon pou Pibliye nan Medya
- Elèv Entènèt & Fòm Pèmisyon Rezo avèk Elizabeth Règleman pou Itilize Entènèt
- Itilizasyon akseptab Sèvi pou Teknoloji - Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
- Fon Koneksyon Ijans (FKI)
- Aplikasyon pou Manje Midi

Pou kapab jwenn aksè a dokiman yo ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>.. Tanpri gade nan pano "*Fòm yo ak Aplikasyon pou*" epi swiv enstriksyon yo bay la.

TRANSPÒTASYON

Transpòtasyon ap disponib pou elèv sa yo:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 3.2 kilomèt a lekòl yo
- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 4 kilomèt a lekòl yo

EGZIJANS POU GRADYASYON

Depatman Edikasyon Eta New Jersey ak Konsèy Edikasyon Elizabeth mande pou tout elèv yo satisfè nòm siperyè yo pou yo ka resevwa yon diplòm lekòl segondè.

Tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> epi refere a pano "*Egzijans pou Gradyasyon*" pou jwenn enpòtan enfòmasyon konsènan egzijans pou Gradyasyon.



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

ABSANS

Nenpòt elèv ki gen plis pase nèf (9) absans pandan ane lekòl la, nan yon matyè, ka pèdi kredi pou kou sa menm si absans yo eskize pa yon nòt medikal. Elèv ki rive jwenn kat (4) oswa plis absans pandan 4yèm trimès la ka pèdi kredi yo.

Nenpòt elèv ki pa prepare pou edikasyon fizik nèf (9) fwa oswa plis ka pèdi kredi pou kou sa a.

KANÈ

Apre chak senk semèn (8 fwa pa ane) swa yon rapò pwogrè oswa yon rapò nòt pral rive pa lapòs lakay ou. Chak rapò bay lis enfòmasyon enpòtan. Prezans nan klas ak reta yo tou note sou tou de rapò yo. Pandan ane lekòl la, tanpri ede nou rete okouran de eta prezans ak reta pitit ou a.

Konseye pedagogik ak administratè yo disponib pou rankontre avèk ou pandan tout ane lekòl la. Tanpri rele davans pou yon randevou pou diskite sou enkyetid ou yo.

Ou ka jwenn Kalandriye Marking Period 2022-2023 pou klas Jadendanfan-12yèm ane lè w vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> epi klike sou pano “*Orè Marking Period*” la.

DAT ORYANTASYON

Oryantasyon Elèv 9yèm ane 16 Out 2022 a 9:00am -Dwyer Main 123 Pearl Street

Oryantasyon Elèv 9yèm ane 6 Septanm 2022 1:00pm Dwyer Annex 853 3rd Avenue

SWARE POU-RETOUNEN LEKÒL

Dwyer Annex -853 3rd Avenue 21Septanm 2022 6:00pm

Dwyer Main -123 Pearl Street 22 Septanm 2022 7:00pm

SOSYAL-APRANTISAJ EMOSYONÈL



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Superintendent

Sulisnet Jimenez, Principal

Dr. Michelle A. Panichi, Vice Principal

Harry S. Kelada, Vice Principal

Wilnes Jilus, Vice Principal Annex

Espesyalman nan moman sa, jenerasyon jèn adilt jodi a ap fè fas ak anpil defi yo poko janm wè deja akòz konsekans san parèy tan resan sa yo. Pou asire kontinye klima pozitif nan lekòl la ansanm ak pwogrè devlopman sante total timoun nan, Lekòl Piblik Elizabeth yo rekonèt kijan konpetans aprantisaj sosyal-emosyonèl enpòtan anpil pou elèv nou yo ak pèfòmans siksè yo nan lekòl, nan travay, plis nan lavi; kòm rezilta, nou pral kontinye ankouraje konpetans sosyal-emosyonèl kòm yon pratik chak jou nan sal klas yo. Kreye yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite kote elèv yo kapab angaje yo nan konpetans debaz yo nan konsyans pwòp tèt yo, jesyon pwòp tèt yo, konsyans sosyal, kapasite pou jere relasyon, ak pran desizyon responsab pral ede bay elèv yo konpetans ki nesèsè pou yo navige nan defi konplèks sa yo nan vi a.

Nou espere ke nou tout pral kontinye jwi rèz ete a. Ann kontinye nan misyon nou pataje pou reyafime prensip, reetabli atant, ak reprann ekselans! Nou kontan anpil pou kòmanse yon lòt vwayaj ansanm ***Vandredi, 9 Septanm.***

Sensèman,

Sulisnet Jimenez
Principal